
Translated Talking Points Haiti Earthquake Update, August 18th, 2021

Enfòmasyon sou Replik

- Plis tranbleman tè (replik) ap kontinye rive nan zòn Sid Peyi Dayiti a. Frekans Replik yo ap diminye nan jou yo, mwa yo, ak ane yo apre prensipal tranbleman tè mayitid 7.2 a.
- Pandan premye semèn yo gen anpil chans pou gen dè santèn replik byen fò ke moun ki nan zòn sa yo kapab santi yo.
- Pi gwo replik ka lakòz plis domaj, espesyalman nan estrikti ki fèb. Genyen plizyè replik mayitid 5 ak lòt pi gwo pase deja, e li posib pou genyen plis tranbleman tè nan nivo sa a nan semen ak mwa kap vini yo, e menm apre.
- Gen yo pwobabilite ki trè ba pou ta genyen yon tranbleman de tè ki pi gwo pase sa ki te 7.2 a. Apeprè 1 sou 20 sekous prensipal, tankou 7.2 a, genyen yon sekous menm gwose oswa pi gwo ki pase aprè li nan premye semèn nan. Chans sa a diminye ak tan sepandan, gwo replik ka rive menm kèk mwa apre sekous prensipal la.
- Syantis yo kontinye kontwole sitiyasyon an epi ranmase plis enfòmasyon sou sekans replik sa a.

Konsèy sou kisa ou dwe fè pandan yon tranbleman tè varye selon peyi a. Pa egzanp, yo pa rekòmande evakyasyon nan Etazini. Daprè GeoHazards International, si wap viv an Ayiti kounye a epi ou anndan kay ou lè ou santi yon tranbleman tè, me kisa pouw fè:

- Si ou andedan epi ou ka soti fasilman, evakye ale nan yon espas ouvè ki an sekirite pandan ou ap kouvri tèt ak kou ou. Ale nan yon espas ouvè kote mi yo ak poto elektrik pa ka tonbe sou ou.
- Si ou pa kapab evakye, Koupi kote ou ye a, kouvri tèt ou ak kou ou ak yon men epi antre anba yon tab solid, epi kenbe pye tab la jiskaske sekous la sispann.
- Rete lwen zòn glisman teren ak fant mòn, paske replik yo ka lakòz nouvo glisman tèren ak glisman teren ki deja egziste yo kapab deplase ankò.